

Suara Merdeka 16 Januari 2011

OMONG KOTHONG RANDHA ROYAL  
DENING SUWARDI

PANCEN nganyelake. Wong Jawa sok dhemen ngrandha royal. Nyawang apa wae, mung seka blebete tape goreng iku. Ana sing durung ngrasakake randha royal, wis komentar moler-moler. "Ah, randha royal iku panganan sing apus-apus, tur kakeyan pertingsing. Lire, tela apik-apik, dirageni, dibosokke. Bareng bonyok, dikepel-kepel, dipolesi, diwedhoni." Mangga. Jer ana sing duwe penemu, wong kang nggoreng randha royal iku klebu kreatif. Sajake, jagad peprentahan Jawa uga keblasuk tekan aromane randha royal iku.

Sing nggumunke. Arang wong gelem nyawang carane gawe panganan iku. Mung nyawang matenge, njur prigel gawe cathetan urip, jare peprentahan iki pancen wis keplayu tekan donya randha royal, kepak blelet (reget?). Kebak jungkir walik. Lire, tela kari mbakar malah ora kolestrol, digodhog, diimbu, dikepel-kepel, diwungkus gandum, lan digoreng. Wah, randha royal kuwi anggone nggoreng uga jitu, diwolak-walik, disusruk-susruk, kareben ora gosong. Peprentahan uga ngono, ditapihi kaya randha royal. Wusana, sing nyawang jantrane peprentahan, lwuih-luwih yen kacamataane beda, katon polesan-positesane. Naluri siji-sijine wong pancen beda. Ana wong Jawa sing bisa nyawang kanthi wening, resik, lan ana sing apa wae neng mripate katon gosong.

Wis jamak lumrahe, peprentahan kaya cah cilik kae, yen disrengeni merga kon nunggoni gorengan randha royal, nganti gegosongen, ya mrekitik. Yen bisa kudu nutupi boroke. Njur, kanggo mbuwang tilas, nyoba apus-apus, bocah kuwi ethok-ethok moles randha royal sing wis gosong kanthi glepung anyar. Gandheng bocah, ana uga sing nithili gosongan, ben ora katon, ana sing diemplok, lan sapiturute. Lan sing marahi ati gempung, yen dheweke didumuk "gorengan mau kok tinggal dolanan banyu neng priuk kuwi ya? Ben gupak angus? Kono terusna, yen pengin kethoprakan, clorengan angus, dhasar!"

Wong tuwa kasebut srengan, semu nglulu. Masalaha peprentahan iki apa bisa dilulu lan disrengeni kaya bocah cilik? Katone, para priyayi luhur kuwi wis dha wareg ironi, nglepeh sarkasme, lan ngutahake pandumuk. Peprentahan iki, sajake pancen dilandhesi manajemen bocah cilik dolanan banyu lan nglalekake gorengan. Lire, samubarang perkara nggo dolanan, disepelake. Yen wis meh kebukak wadine, persis cah gupak angus lan nggosongake gorengan: mukir. Ora mikir, wong buktine wis cetha, kok isih mbuwang perkara. Aku kawatir, yen kabeh isih nganggo manajemen "Kancil nyolong timun", wah yen ora dibeleh kancile, ora bakal rampung.

Kancil pancen ngelmune dhuwur, ning julig. Nyolongan, nggedebus, lan wasis ngelus swasana. Pinter adu ilat alias apus krama. Ning ya kuwi, uripe kancil, mung nggunakake ngelmu pring apus. Ngapusi, rekane kanthi sistemik, tur kaya-kaya nalar – tumrape sing nyawang. Dikira sing nyawang ki mung wong-wongan sing gampang dibli thuk.

\*\*\*\*\*

ING jagad marcapada sing saya kebak peprenesan, lelagon, merga akeh wong klewa-klewa iki, daktemokake telung pantha manajemen peprentahan sing klebu "sinamun ing samudana". *Sepisan*, pola omong kothong, kaya iya-iyaa. Ben ora pati ketara yen sejatine akeh bobroke, akeh pepaes lan ngapusi kawula, njur manajemen "galak kepati-pati" alias gaya buta, dicakake. Lire, sing ora cocog karo karepe negara, dirangket, dikunjara. Yen perlu ora mung etungan taun, ning saumure urip, utawa didhor sisan, ben ora ana tilase. Eling ta jaman Wiji Thukul? Isih lumayan Sri Bintang Pamungkas, AM. Fatwa, Arswendo, Caknun, isih bisa nyerot hawa seger meneng. Lha Pramudya piye, nganti tekan puput yuswa, kudu urip ing jagad buta tenan.

*Kapindhha*, manajemen megeng napas, alias meneng. Modhele, ben kawula dha ting pencilak, peprentahan meneng. Kanthi pepoyan, uga kebak sesadon ingadu manis. Kabeh ditata, ngemponi ning ora pati ketara. Wong meneng kok, kaya-kaya ora duwe kleru. Meneng, ning sejatine polah atine. Kanthi daya pangaribawa, ora kepengin nyampuri urusane liyan, mundhak ora obyektif. Njur bola-bali njupuk napas landhung, kambi keplok sajrone batin: "*haratayah, iya ta. Kasil ta. Pokoke slamet.*" Iki uga klebu ngapusi, jalaran mengku karep api-api ora weruh. Persis kaya bocah cilik, kon ngonceki tela kaspas arep nggo gawe randha royal, bareng jenthike keperang peso, ditakoni lara apa

ora, mung mringis, muni ora, mangka jane ngampet. Bareng didheseg, kok bias kena peso, jawabe embuh ngono. Embah-embuh ora gambuh, nandhani perpentahan sing saya kebak blebet randha royal. Jenenge wae randha royal, ora mokal yen akeh royale.

*Katelu*, manajemen satria lungit. Lire, sruwa-sruwi ditata, ben katon konstitusional. Ben ora nerak hukum lan paugeran. Ketang jane mono, gaya ngene iki ya ora beda karo wedhus ireng diumbar ing kebonan. Barang sing jane sepele, diputer-puter, diinger-inger, ben kaya tenanan. Digawe modhel Satgas mafia hukum, upamane, ben legal. E, jebul isine isih nembang gambuh, alias tambah kabeh. Bukti wis jelas, ning dientha-entha, abang dikandhakake ijo, ben mulur. Kebak nyamikan randha royal, dikemonah. Nyatane, mafia mau sing dicekel lagi kroco-krocone, durung benggol lan dhalange. Ngene iki, sing marahi wong-wong dha waringuten. Gemes. Ora mokal yen para tetungguling agama, njur kemropok kudu melu nglinting lengen.

Bebantahan endah lan rasane randha royal, ora bakal ana enteke. Luwih-luwih yen panyawange beda kacamata lan nganggo topeng sisan. Wusana, peprentahan sok mandheg ing kawicaksanan thok. Durung meneh yen kabeh dha royal, akeh deal-deal, sing tujuane kanggo ngipuk-ipuk partai. Peprentahan dadi mung kebak janji, ning akeh sing diselaki.

\*\*\*\*

Seka pamawasku, telung pantha nyekel bawat pusaraning praja gaya randha royal mau, ora ana sing pecus babar pisan. Tetelune tetep keworan narsisme. Yen cara ngelmune Ki Ageng Suryamentaram, genah dha nggedhekake kramadangsisme. Egosentrisme sing paling ngembang jagad peprentahan iki. Katone, kabeh kaya satriyatama sing lagi medhun seka pertapan. Ora noleh sejangkah, ora mandheg tumoleh lakune, ning satemene kabeh mau mung lamis. Nafsu brangasan, alias angkara murka, dibuntel nganggo tembung-tembung runtut, ketokake wicaksana, jebul ngemu pamrih. Iku randha royal, sing bakal dadi srana royale peprentahan. Yen wis kebak royal, alus apa kasar, kari nunggu pokale wong kurang ajar.

Peprentahan iki katone wis rubuh ing alam pamrih. Leluhur biyen wis kandha "*pamrihe mung aminta*". Pamrihe mung njaluk, pengin ndhaku, pengin ngipuk-ipuk ego, alias kramadangsane, ning kanthi cara sing sok rumesik. Lha piye? Mastere sing bakal mbukak jagad *lelana ing laladan sepi*, yaiku pak Susno, ning malah dibrangus. Pak Susno kebacut dijegurke jurang bebasane, ben ora bisa nembang. Iki underane rembug. Wong-wong sing kira-kira bakal nyawel wong gedhe, diblebet rapet tutuke, iki cetha glagat randha royal ta? Ngene iki apa ora jeneng lamis, mung dha apus-apus srana kekudhung utawa payung legalitas? Mula Ki Nartasabda sok nembangke "*Aja Lamis*", yen pengin dadi wong manis. Angel, wong jagad lan mentale wis ketliweng dadi gaya randha royal,

Aku yakin, jane dha ngerti wong-wong pinunjul iku yen ngrandha royal. Ning gumunku, kabeh golek slamete kramadangsa. Wusana sekuthon lan ngglendem, dilakoni. Jane ngerti, yen akeh bawahane kuwi dha kleru, ning ndhuwurane klewa-klewa, mengo sithik. Mengko angger wis dha adhem, katisen, rak meneng dhewe. Iki manajemen semprul, alias embelgedhes. Dipimpin sapa wae, angger mentale bangsa iki isih dhemen "*nutupi telek mambu*", kanthi api-api ora weruh, kuwatir yen egone, kronine kesenggol, kari nunggu perang brubuh.

Aku dadi kelingan bukune Geertz (2000) sing kojah bab "*Negara teater*". Najan buku iku nggambarake etnografi politik ing Bali, ning rasaku kok uga dumadi ing era Gayusisme iki. Busik-busike para priyagung sing disebut-sebut Gayus, seprene ora ndang diadili. Durung meneh Gayus-Gayus liyane, sing luwih dawa jenggote, kaya disidhem. Kabeh kanthi pawadan "*ora pengin nyampuri*". Bener. Yen dicampuri bisa kebukak, lowung ethok-ethok resik. Timbang mengko keplongor utawa kecengek, njur gawe lelagon liyane. Kabeh muntar-muntir dhadhung.

Nganti uneg-uneg iki dakjebrotke, ana sing wis duwe niat gawe Panja Mafia Hukum. Rumangsaku jan dha kepingin nggorengi randha royal wae. Tegese, pengin mbungkus apa wae, kanthi pawadan legal, konstitusi, sing akhire ya mung akeh lipstick. Akeh topeng-topeng panji sing karahinan. Ora sah selak ta, wis pira wae sing jeneng organisasi manak organisasi, LSM manak LSM, ning kok rasaku mung mak gedebus. Wiwit nalika ana sing mbukak gurita Cikeas kae, seprene ya kaya randha royal, diwolak-walik, digoreng-goreng, sing penting ora gosong. Yen ana wong takon

randha royale mateng apa during, isih digoreng, jarene ben kempel, ben enak tenan. Rumangsaku kok dha sugih pambliithuk.

Gayus kok bisa plesir tekan Bali, Cina, lan Singapura iki yen ora apus-apan, ora mungkin. Wis genah, saiki lagi ana KPK, sing janjine arep mbrantas korupsi tekan cindhilo abange, ning kok ya ana oknum imigrasi, lapas, polisi sing dolanan mawa, merga sogokane Gayus. Yen ngono iku, sing bejat morale kuwi sapa. Yen wajib pajak nganti atusan, tur ana sing duweke “wong njeiron beteng”, dha lenggang kangkung, “setor” liwat Gayus, kok isih dienengke wae, iku apa ora jeneng royal. Lugase, Ditjen Pajak apa ya ora katut? Kok ya aneh negara iki. Barang gampang, digoreng, dienget, diwolak-walik, sing underane kebak paeka.

Ana sing kandha, Pansus Century lan nlusur Miranda Gultom, jare harga mati. Ning seprene apa wujud, wis nyata durung? Ngene iki, yen ana sing ngeyeli, kok ya genti dieyeli. Bener, yen pepundhenku Adnan Buyung Nasution, kanthi tegas kandha peprentahan iki ngerti, duwe niat apik, ning ora duwe nyali. Kurang kendel. Ora wani, alias wedi. Wedi ayang-ayange dhewe sajake. Lire, mengko yen anggone nyendhal para koruptor, para mafianis hukum, lan eksekutor liyane keseron, gek malah nyiprat marang ego lan kronine. Ngene iki sajake sing marahi wong-wong dha wani dora (ngapusi) kanthi sembada, aling-aling aturan sing dientha-entha dhewe.

Yen wis ngono iku, dakkira angel medhot “lingkaran setan” sing wis kebacut ngukel gelang iki. Wong sing dadi priyagung wedi yen kecengklok. Mula, najan mlekotho rakyat, ning kanthi kekudhung, alias ngiwak segara, lamis. Satemene, dheweke kuwi ndobosan, ngibuli, nyandiwaro, ambyur ing jagad teater, ning kanthi klambi tatanan. Kadhang emoh nyampuri tatanan, ben ora kewiyak. Ngene iki jelas ora nges. Njalari wong-wong dha keplenet, yen kaya cah cilik sing dhandhang diunekake kontul, njur pengin napuki lan nylentiki.

Dudutanku, wis kerep dumadi pengadilan rakyat. Kawula dha dhemo, iku merga wis entek sabare, nyemak lakune wong dha apus-apan, lan cidra ing janji. Mung wae, pemerintah ki pancen sok menang-menange dhewe. Sing dhemo, diadhepke karo polisi kroco, Satpol PP, lan akhire akeh korban. Yen ngono kuwi masalah ora rampung, ning malah tambah remuk. Geneya, pemerintah ora ora sok gelem blaka suta, ngakoni luput, ngakoni yen kakeyan polesan. Njur gelem nemoni kawula sing jelas golek keadilan. Apa isih arep kakehan kecap, ngrandha royal terus? Mangga. Kuwatirku, yen mengko ana pinwales ing luwih gedhe timbang lindhu, banjir, gunung njeblug, lan tsunami. Tambah ngenes.\*\*\*\*\*

\*) Suwardi, mulang Etnografi Jawa ing FBS UNY